

Pou Piblikasyon Imedya: 04/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONTE ERIE AK KONTE WAYNE ATENN  
AKREDITASYON JESYON IJANS ETA A**

***Dis Òganizasyon Jesyon Ijans New York Atenn Kounye a Akreditasyon nan  
Premye Pwogram Konsa Onivo Èta***

Jodia Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse ke Konte Erie ak Wayne atenn akreditasyon kòm yon pati nan Pwogram Akreditasyon nan Jesyon Ijans Lokal lan (Local Emergency Management Accreditation Program). Yo te premye pwopoze pwogram akreditasyon nan Diskou Eta Leta 2017 Gouvènè a, li se premye pwogram konsa onivo eta nan nasyon an pou ajans jesyon ijans lokal yo. Avèk siksè sa a, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Department of Homeland Security and Emergency Services) nan Konte Erie ak Biwo Jesyon Ijans (Emergency Management Office) Konte Wayne rejwenn biwo jesyon ijans Vil New York ak Konte Albany, Broome, Livingston, Madison, Montgomery, Oneida ak Saratoga kòm òganizasyon akredite.

"Sekirite piblik la se priyorite nimewo en an e li enpòtan pou nou gen sèvis jesyon ijans ki fò nan nivo konte ki ka fè patenarya ak eta a pandan sitiyasyon difisil yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Premye pwogram akreditasyon konsa a pral ede asire biwo jesyon ijans lokal yo ka reponn a nenpòt dezaz epi pwoteje rezidan yo."

Pwogram lan, ki te devlope an patenarya ak Asosiyasyon Jesyon Ijans Eta New York la (New York State Emergency Management Association, NYSEMA), gen ladan yon seri estanda biwo jesyon ijans lokal yo dwe satisfè pou yo ka resevwa akreditasyon pwofesyonèl sa a. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) nan Eta a ap jere pwogram lan nan non Konsèy Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal la (Local Emergency Management Accreditation Council), ki sèvi kòm ògàn direktè pou pwogram lan.

Yo gen entansyon pou pwogram akreditasyon an sèvi kòm yon mekanis pou ede souliye ak pwomouvwa ajans jesyon ijans lokal ki pwoaktif nan Eta New York yo. Akreditasyon an valid pou senk an, avèk yon opòtinite pou resevwa reyakreditasyon aprè peryòd senk an.

**Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare,** "Lè yon dezaz frappe, li enpòtan pou ekip jesyon ijans eta a ak lokal yo kapab travay ansanm pou pwoteje Nouyòk yo e pwogram akreditasyon sa a ede asire tout moun ap travay anba menm nòm debaz yo. Pandan evalyasyon nou yo, tou de Konte Erie ak Konte Wayne pa sèlman te fè yon bon travay nan reponn ak nòm yo, men tou nan demontre nan ki nivo yo prè pou reponn a nenpòt ijans. Mwen felisite yo pou akonplisman sa a epi ankouraje rès konte New York yo pou yo pouswiv akreditasyon sa a tou".

**Prezidan Asosyasyon Jesyon Ijans Eta New York ak Direktè Jesyon Ijans Konte Cattaraugus Chris Baker te deklare,** "Pwogram Akreditasyon Jesyon Ijans Lokal la se yon egzanp ekselan patenarya solid ant DHSES ak NYSEMA, e se yon gwo bagay pou wè ajans jesyon ijans konte yo ap pouswiv akreditasyon an".

Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Konte Erie a gen ladan Divizyon Preparasyon Dezas/Sekirite Teritwa, Sekirite kont Ensendi, ak Sèvis Medikal pou Ijans. Depatman an responsab pou bay sekirite piblik atravè planifikasyon jesyon ijans konpreyansif, preparasyon, fòmasyon, repons, ak kowòdinasyon resous sèvis ijans nan Konte Erie pandan evènman dezas aktyèl oswa potansyèl yo.

**Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare,** "Ekip jesyon ijans Konte Erie toujou ap planifye ak prepare pou lè ijans frappe pwochèn fwa, epi resevwa akreditasyon sa a se yon afimasyon konsantrasyon ekip la nan amelyorasyon pou sèvi piblik la pi byen. Nou fyè pou nou rejwenn Wayne ak sèt lòt konte yo atravè eta a ki gen akreditasyon sa a epi mwen remèsye Komisè Sèvis Ijans/DHS nou an ki se Dan Neaverth, Jr. ak ekip li pou travay di yo pou byenèt moun nan Konte Erie yo".

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan Konte Erie, ki se Daniel Neaverth, te deklare,** "Nou twouve ke revizyon detaye sou règleman ajans yo ak pwosedi yo vrèman itil. Pwosesis akreditasyon an pèmèt ajans jesyon ijans yo pran kèlkeswa aksyon korektif ki nesèsè pou adapte ak ajiste nan anviwònman difisil jodi a. Antanke yon Konte nou pi byen prepare gras ak revizyon kritik sa a".

Biwo Jesyon Ijans Konte Wayne nan kowòdone sèvis pou diminye ijans, preparasyon, repons ak sèvis rekipèrasyon pou rezidan nan Konte Wayne yo avèk ajans ki apwopriye nan Konte Wayne yo ak patnè ekstèn yo. Sa tipikman rive nan Sant Operasyon Ijans nan konte a epi Plan Jesyon Ijans Konpreyansif la dirije efò yo, ki revize chak ane. Atravè kontak, Biwo Jesyon Ijans ankouraje rezidan yo pou vin pi rezistan pou asire yo prepare pou ijans yo. Biwo Jesyon Ijans lan jere sistèm alèt piblik ak sistèm avètisman pou Konte Wayne nan, sètadi Avètisman Konte Wayne yo pou asire ke rezidan yo enfòme pandan yon ijans.

**Direktè Biwo Jesyon Ijans Konte Wayne nan, ki se George Bastedo, te deklare,** "Atravè efò tout Ekip Jesyon Ijans Konte Wayne nan, nou fyè dèske nou se nevyèm konte nan Eta New York ki vin yon biwo jesyon ijans akredite eta a. Akreditasyon demontre angajman kontinyèl nou nan tout aspè jesyon ijans pou sitwayen yo ak moun ki gen enterè yo nan Konte Wayne nan. Pwosesis pou vin akredite te definitivman fè nou vin yon òganizasyon ki pi fò".

Biwo jesyon ijans lokal ki enterese jwenn akreditasyon sa a ap bezwen konpile ak/oswa devlope règleman yo, plan ak dokiman ki nesèsè pou reponn ak nòm akreditasyon yo. Yo pral pataje oswa soumèt nenpòt dokiman yo egzijè nan sit wèb NY Responds pou yo kapab revize materyèl alavans avan revizyon an fèt soulèlye. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan ak Asosyasyon Jesyon Ijans Eta New York la pral founi asistans teknik pandan faz preparasyon an epi yon fwa yo resevwa tout materyèl yo mande yo, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan pral chwazi yon ekip ki gen omwen de evalyatè ki gen eksperyans pou yo fè yon revizyon.

Revizyon an pral gen ladan egzamen apwofondi nenpòt plan ak dokiman nesesè yo, epi fè entèvyou ak Manadjè, pèsònèl, ak lòt moun Ijans yo, si sa nesesè. Se reponsabilite biwo jesyon ijans yo pou yo demontre, dokimante, ak atikile kijan yo satisfè chak estanda ak kritè asosye yo. Biwa jesyon ijans lokal ki swete resevwa sètifikasyon yo dwe ranpli [fòmilè aplikasyon an](#) epi soumèt li nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Akreditasyon nan Jesyon Ijans Lokal Eta New York la – ki gen ladan gid pou pwogram lan, elijibilite ak estanda yo – yo ka jwen yo [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou DHSES**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo \(DHSES\)](#) ap bay lidèchip, kowòdinasyon ak sipò pou efò y'ap fè pou nou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [paj Facebook DHSES](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa vizite [dhses.ny.gov](http://dhses.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)